



# Montre ou se èd mwen



## Aprann ti konsèy la

1. **Kenbe liv la pou mwen:** Kòmanse pale sou fason nou kenbe yon liv—avèk devan paj kouvèti anfas nou. Montre pitit ou fason pou li vire paj yo. Answit fèmen liv la, lonje li ba pitit pou epi kite pitit ou eseye.
2. **Ede mwen montre mo yo:** Mande pitit ou pou antre dwèt li nan paj soti agòch pou rive adwat pandan w ap li. Sonje yo deplase depi anlè pou rive anba paj la. Finalman pitit ou kapab montre mo yo pandan l ap di yo.
3. **Montre mwen yon lèt epi montre mwen yon mo:** Mande pitit ou pou fè yon wonn, avèk dwèt li, yon lèt (tankou lèt“s”). Lè pitit ou kapab fè sa fasil, eksplike li lèt yo travay ansanm pou fòmè mo yo. Kòm yon egzanp, , jwenn yon mo nan liv la, epi fè yon wonn nan mo a nèt avèk dwèt ou. Mande pitit ou pou eseye sa!

## Pou kisa ti konsèy sa a?

Aprantisaj nosyon karaktè enprime vle di pitit ou konprann fason pou manipile yon liv ak fason mo yo ki nan paj la travay. Sa ka pran yon moman pou pitit ou aprann men pa enkyete ou. Avèk pratik, pitit ou pral aprann li!



- Kenbe liv sa a pou mwen. Ki kote paj kouvèti a ye?
- Èske ou kapab vire paj la pou mwen?
- Ki kote pou mwen mete zye mwen pou kòmanse li paj sa?
- Èske ou kapab swiv ansanm avèk dwèt ou?
- Lè mwen fini liy sa a, ki kote zye mwen prale answit?
- Èske ou wè lèt sa a? Èske w wè lèt "t." Èske ou wè nenpòt lòt t nan paj sa a? Fè yon wonn ladan avèk dwèt ou.
- Twa lèt sa yo vini ansanm pou fòmè mo 'she'.



## Pratike avèk kè kontan

Kreye yon moman pou istwa pou jwèt pitit ou pi renmen yo! Mande pitit ou pou rasanble de oswa twa nan jwèt li pi renmen yo. Mete jwèt yo yon fason pou yo anfas ou kòm odyans lan. Di jwèt yo ou pral li yon istwa pou yo epi piti ou se yon èd espesyal. Mande pitit ou pou kenbe liv la epi pou li vire paj yo pandan w ap li istwa a pou jwèt yo. Si pitit ou pare, li kapab montre mo yo pandan w ap li istwa a. Bay pitit ou yon pwentè amizan—tankou yon bagèt oswa yon woulo papye vid.

